

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung analisis data di bab opat ngeunaan Éféktivitas Modél Pangajaran Konstruktivisme dina nulis karangan Éksposisi siswa kelas VII-B SMP Pasundan 6 Bandung bisa dicindekkeun yén:

- 1) Kamampuh awal siswa kelas VII-B SMP Pasundan 6 Bandung dina nulis karangan éksposisi bisa digolongkeun can mampuh. Ieu hal dumasar kana hasil skor pratés siswa anu lolobana skorna kurang ti 18, sedengkeun standar minimalna nya éta 18. Jumlah siswa anu can mampuh dina nulis karangan éksposisi 15 urang, sesana 15 urang geus dianggap mampuh. Salian ti éta, kamampuh awal siswa kelas VII-B SMP Pasundan 6 Bandung bisa ditingali tina hasil peunteun rata-rata pratés anu geus dianalisis. Peunteun rata-rata skor pratésna nya éta 17.8 anu peunteun rata-ratana 5,9. Ku kituna, mutlak pisan yén kamampuh siswa kelas VII-B SMP Pasundan 6 Bandung dina nulis karangan éksposisi can mampuh.
- 2) Kamampuh siswa kelas VII-B SMP Pasundan 6 Bandung saméméh ngagunakeun modél pangajaran konstruktivisme hasilna 15 urang siswa dianggap can mampuh, sésana 15 siswa geus mampuh. Tapi sanggeus dilaksanakeun “perlakuan” modél pangajaran konstruktivisme hasilna ngaronjat jadi 28 urang anu mampuh, sesana mung dua urang siswa anu can mampuh. Dumasar uji gain ogé peunteun rata-rata skor pratés anu asalna 17,8 rata-rata peunteuna (5,9) ngaronjat jadi 21,53 rata-rata

peunteunna (7,2). Jadi gedéna gain atawa pangaruh modél pangajaran konstruktivisme kana ngaronjatna hasil diajar siswa dina nulis karangan éksposisi nya éta 3,73. Tina pedaran ieu, bisa dicindekkeun yén modél pangajaran konstruktivisme bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi kelas VII-B di SMP Pasundan 6 Bandung.

- 3) Tina hasil pratés postés jeung uji gain, tétéla modél pangajaran konstruktivisme éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis karangan éksposisi. Ieu hal dirojong ogé ku ayana uji hipotésis anu nétélakeun $t_{itung} > t_{tabel}$ $9,9 > 2,76$, hartina aya béda nu signifikan antara hasil pratés jeung postés, saméméh jeung sanggeus dilaksanakeun “perlakuan” ngagunakeun modél pangajaran konstruktivisme.

5.2 Rékoméndasi

Sanggeus dilaksanakeuna panalungtikan di SMP Pasundan 6 Bandung anu judulna “Éféktifitas Modél Pangajaran Konstruktivisme dina Nulis Karangan Éksposisi”, aya sababaraha hal anu baris ditepikeun sangkan ieu panalungtikan bisa leuwih ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis karangan éksposisi, di antarana:

- 1) Pikeun panalungtikan anu saterusna, dipiharep sangkan anu dijadikeun populasina leuwih lega wengkuanana, sangkan hasil panalungtikanana bisa digeneralisasikeun.
- 2) Dina nulis karangan, siswa kudu dirangsang heula pikiranna pikeun meunangkeun ide-ide saloba-lobana, lantaran sabada dilaksanakeun

panalungtikan di kelas VII-B SMP Pasundan 6 Bandung tétéla siswa kelas VII mah rada hésé dina nulis hiji karangan, anu alesanana bingung naon anu kudu ditulisna atawa kakurangan ide.

- 3) Dina prosés diajar-ngajar ngeunaan nulis hiji karangan, pikeun siswa kelas VII, guru kudu nungtun siswa dina nyieun hiji karangan, lantaran pangaweruh siswa masih keneh kawatesanan.
- 4) Modél pangajaran konstruktivisme anu kabuktian éféktif dina ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis karangan éksposisi, dipiharep bisa digunakeun ogé ku guru mata pelajaran pikeun leuwih ngaronjatkeun kompetensi pangajaran séjénna, saperti nulis éséi, déskripsi, jeung anu sajabana.

